



## LEKOL PIBLIK SOMERVILLE YO ENSKRIPSYON AK ENFOMASYON APLIKASYON LEKOL YO - KLAS K – 8

Lekòl Piblik Somerville yo ofri paran/gadyen opsyon pou yo chwazi lekòl selon bezwen pitit yo epi bay sijè yo valè ki depann ak kriteri an gwosomodo nan “Controlled Choice” Plase Elèv yo nan yon lekòl se yon plan ki adopte pa Komite Lekòl Piblik yo ki rekonèt pa Depatman Edikasyon nan Massachusetts an 1994. Somerville’s “Controlled Choice” Plan pou plase elèv yo se yon modèl pou akonpli twa bi: 1) pou ofri paran yo chwa ki nan lekòl pitit yo prale; 2) pou amelyore balans rasyal nan tout lekòl yo konsa nou trete tout popilasyon an egalego nan pwogram yo ak lekòl yo ; epi 3) pou amelyore kalite enstriksyon an nan chak lekòl yo.

Lekòl Piblik Somerville yo ankouraje paran elèv jadendafan yo ak nouvo elèv yo nan distri a pou vizite lekòl yo ak Sant Enfòmasyon Paran an (PIC). PIC ap ede nou pandan pwosè enskripsyon an epi n’ap fè aranjman pou nou vizite lekòl yo si nou enterese.

### DOKIMAN YO EGZIJE POU ENSKRIPSYON

Pou anrejistre pitit ou a, tanpri vizite sit entènèt la nan [www.somerville.k12.ma.us/district-departments/parent-information-center](http://www.somerville.k12.ma.us/district-departments/parent-information-center). Enskripsyon pou elèv yo k’ap antre nan Preskolè, Jaden danfan, ak Klas 1-8 pou Ane Eskolè 2018-2019 ap online, epi yo disponib depi 13 Janvyè, 2018.

Dokimantasyon anba obligatwa pou nouvo enskripsyon oubyen re-admisyon:

- Konplete enskripsyon online (PK poujiska klas 8 ane)
- Konplete Fòm Enskripsyon sou Papyè pou Klas 9-12 Ane
- Prèv laj (Batistè)
- Prèv kote ou abite 2 resan bòdwo, tankou yon bodwo sèvis piblik aktyèl (gaz, elektrik, kab, oubyen telefòn kayla) ak yon kopi kontra kay la oubyen pèyman “mortgage” ki gen non ak adrès paren/gadyen
- Egzamen jeneral resan ak vaksen
- Kat transfè nan Massachusetts (transfè ant eta) pou klas 1-12
- Fòm Ofisyèl ke ou kite (pou lòt eta ak lekòl prive yo) pou klas 1-12
- Rekòd Disiplin, pou klas 9-12
- Plan Edikasyon Endividyèl, (IEP), si ou genyen
- Istwa lekòl Elèv k’ap Aprann Lang Anglè, ELL si li aplikab
- Kanè/relve de nòt dènye lekòl kote ou sòti a, si ou genyen pou klas 1-12

### LI ESTREMAN ENPOTAN POU POTE TOUT ENFOMASYON YO MANDE YO PLISKE ENSKRIPSYON AN PA KONPLE NOU PAP KAPAB PWOSES APLIKASYON AN

Anplwaye PIC yo ap trè kontan pou yo ede nenpòt paran/gadyen ki pa genyen yon nan dokiman sa nou mande yo.

### PLASMAN ELEV YO “CONTROLLED CHOICE CRITERIA” KLAS K-8

Tout plasman yo ap fèt apati “Controlled Choice” Lwa pou Plase. Elèv yo, n’ap plase timoun yo apati preferans yo epi egal:

1. Plasman Priyorite Pwogramatik (pa ekszanp, timoun edikasyon espesyal yo nou plase yo nan klas espesyal nan lekòl ki gen pwogram respektif).
2. Plasman preferans fanmi (frè ak sè)
3. plasman preferans pi prè w
4. Loteri: Si preferans ou a pa sifizan pou detèmine plasman n’ap fè yon loteri pa aza pou plase timoun yo.

**Elèv ki deja enskri nan Lekòl Piblik Somerville yo ki ranpli aplikasyon pou transfere pou lekòl yo alè n'ap bayo priyorite avan lòt nouvo elèv ki enskri yo.** Pou anrejistre, PIC ap aksepte aplikasyon sèlman pou elèv ki aktyèlman abite fizikman nan vil la.

## LIS DATANT

N'ap fè tout efò nou pou n akomode preferans paran yo avèk priyorite yo nan sistèm nan, depann de kapasite espas edikasyonèl, nan gid distri a avèk egalite. Paran/Gadyen elèv yo ki pa jwenn premye chwa yo a pou lekòl ou vle a mande pou yo mete l sou lis datant ranpli fòm nan pou li "Wait List Request Form" Nou gen fòm lis datant la nan Sant Enfòmasyon Paran. Sant Enfòmasyon paran an ap fè ou konnen lè nou gen espas ki vid pou timoun ou nan premye lekòl ou te chwazi a epi kilè l'ap kòmanse Plasman nan lis datant la ap fèt apati de "Controlled Choice" ki endike preferans ak egalite

Lis datant pou tout lekòl yo ap ekspire premye Novanm. Nenpòt paran ki enterese transfere pitit yo nan lekòl yo te chwazi an premye a ou sipoze kontakte Sant Enfòmasyon pou Paran an aprè dat ekspirasyon an. Si gen paran ki pa satisfè avèk plasman pou lekòl timoun w pata renmen li kontinye nan lekòl sa-a pou ane eskolè a, mande pou ranpli yon transfè an Avril nan Sant Enfòmasyon Paran an.

Nou pap otorize pliske yon transfè pandan nenpòt ane eskolè.

## EGZAMEN JENERAL

Yo mande pou tout nouvo timoun nan sistèm Lekòl Piblik Somerville yo ansanm ak timoun k'ap antre jadendanfan, 4èm ak 9èm ane yo. Yon egzamen jeneral konplè (ki fèt nan espas yon ane). Ou sipoze pote yon fòm konplè egzamen jeneral School/Camp fòm pou pitit ou a ki sòti nan biwo doktè a sipoze enkli pou enskripsyon an. Pa gen timoun k'ap kòmanse lekòl san yo pa bay tout papye medikal nou mande yo. Sèlman timoun ki konplete pwosè sa yo ki pote tout papye yo konplè k'ap kòmanse lekòl. Pou plis enfòmasyon sou egzijans egzamen jeneral ak vaksen yo, kontakte Enfimyè nan PIC la oubyen Sipèvizè Enfimyè a nan 617-625-6600 x 6967, oubyen (617) 629-5670.

## VAKSINASYON

LWA ETA A CHAPIT 76, SEKSYON 15, ENDIKE PA GEN TIMOUN K'AP KOMANSE LEKOL SAN YO PA PRAN VAKSEN KONT MALADI DIPHTHERIA, TETANUS, PERTUSSIS, MEASLES, MUMPS, RUBELLA, POLIO AND CHICKEN POX eksepte si ou gen dokimantasyon medikal oubyen kont relijyon ou. Dosye medikal ou sipoze gen dat jou ak mwa ou pran vaksen yo. Regilasyon Depatman Santé Piblik efektiv 1 Mas 1990, mande pou tout timoun prezante prèv ke yo fè tès plon ki yon nan kondisyon pou antre nan jadendanfan. Paran yo sipoze pran dokimantasyon sa yo nan men pedyat pitit ou a. Si ou bezwen èd pou jwen yon doktè pi prè ak lakay ou pou timoun ou an, souple rele enfimyè PIC la nan 617-625-6600 x 6967.

Daprè regilasyon ak lwa yo Depatman Sante Piblik nan Massachusetts

### • **Pou Elèv k'ap antre nan Pre-K an Sektanm 2018 bezwen:**

- 3 dòz Hepatit B
- 4 dòz DTaP/DTP
- 3 dòz Polyo
- 1 dòz MMR oubyen dokimantasyon pou iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- 1 dòz Varisèl, oubyen dokimantasyon iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- 1-4 dòz pou Hib
- Yon egzamen jeneral (school/camp form) pou 12 mwa ki sòt pase yo pandan lè enskripsyon an
- Rezilta tès Plon ak nimewo
- Dokimantasyon pa doktè a low risk TB asèsman oubyen si yo fè asèsman elèv la high risk rezilta tès TB a

### **Pou Elèv yo k'ap antre nan Jadendanfan an Sektanm 2018 bezwen:**

- 3 dòz Hepatit B

- 5 dòz DTaP/DTP
- 4 dòz Polyo
- 2 dòz MMR oubyen dokimantasyon pou iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- 2 dòz Varisèl, oubyen dokimantasyon iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- Yon egzamen jeneral (school/camp form) pou 12 mwa ki sòt pase yo pandan lè enskripsyon an
- Rezilta tès Plon ak nimewo
- Dokimantasyon pa doktè a low risk TB asèsman oubyen si yo fè asèsman elèv la high risk rezilta tès TB a

**Pou Elèv yo k'ap antre nan klas 1-6 ane yo bezwen:**

- 3 dòz Hepatit B
- Apeprè 4 dòz pou DTaP/DTP oubyen apeprè 3 dòz pou Td
- Apeprè 3 dòz Polyo
- 2 dòz MMR oubyen dokimantasyon pou iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- 2 dòz Varisèl oubyen dokimantasyon iminite tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- Yon egzamen jeneral (school/camp form) pou 12 mwa ki sòt pase yo pandan lè enskripsyon an
- Dokimantasyon pa doktè a low risk TB asèsman oubyen si yo fè asèsman elèv la high risk rezilta tès TB a

**Pou Elèv yo k'ap antre nan klas 7-8 ane yo bezwen:**

- 3 dòz Hepatit B
- Apeprè 4 dòz DTaP/DTP oubyen apeprè 3 dòz Td plis 1 Tdap/Td rapèl (yo mande pou moun ki pa kapab pran vaksen pou kloklich la akòz eleman yo pou yo pran Td)
- Apeprè 3 dòz Polyo
- 2 dòz MMR oubyen dokimantasyon pou iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- 2 dòz Varisèl oubyen dokimantasyon iminite tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- Yon egzamen jeneral (school/camp form) pou 12 mwa ki sòt pase yo pandan lè enskripsyon an
- Dokimantasyon pa doktè a low risk TB asèsman oubyen si yo fè asèsman elèv la high risk rezilta tès TB a

**Pou Elèv yo k'ap antre nan lekòl segondè, klas 9-12 ane yo bezwen:**

- 3 dòz Hepatit B
- 4 dòz DTaP/DTP oubyen 3 dòz Td **PLIS** 1 Tdap/Td rapèl pou klas 9-12 (yo mande pou moun ki pa kapab pran vaksen pou kloklich la akòz eleman yo pou yo pran Td)
- Minimum pou 3 dòz Polyo
- 2 dòz MMR oubyen dokimantasyon pou iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- 2 dòz Varisèl oubyen dokimantasyon pou iminite pa tès san oubyen istwa si ou pase maladi a deja
- Yon egzamen jeneral (school/camp form) pou 12 mwa ki sòt pase yo pandan lè enskripsyon an
- Dokimantasyon pa doktè a low risk TB asèsman oubyen si yo fè asèsman elèv la high risk rezilta tès TB a

**Egzanpsyon Medikal yo (dat deklare siyen pa doktè a eksplike ke vaksen yo gen kontradiksyon pou elèv la medikalman) ak ekzanpsyon relijye yo (deklarasyon daté siyen pa elèv la oubyen paran/gadyen, si elèv la gen laj < 18 an deklare ke vaksen yo sensèman kont kwayans relijye yo) dwe renouvle chak ane, nan kòmansman ane lekòl la.**